

# Dwa ou ak Pwoteksyon kont fakti medikal sipriz yo

Lè ou jwenn swen an ijans oswa lè yon founisè ki andeyò rezo a ap trete ou nan yon lopital oswa yon sant chirijikal ekstèn ki asosye ak rezo a, ou gen pwoteksyon pou ou pa resevwa fakti balans yo. Nan ka sa yo, yo pa ta dwe fè ou peye plis pase kopeman, ko-asirans ak/oswa franchiz pou plan ou nan.

## Ki sa "fakti balans" ye (pafwa yo rele l "fakti sipriz")?

Lè ou konsilte yon doktè oswa yon lòt founisè swen sante, kapab gen kèk frè ou ta dwe peye pèsònèlman, tankou yon kopeman, ko-asirans, oswa yon franchiz. Ou ka gen lòt frè oswa ou dwe peye tout fakti a si ou konsilte yon founisè oswa si ou vizite yon etablisman swen sante ki pa nan rezo plan sante ou la.

"Andeyò rezo a" vle di founisè ak etablisman ki pa t siyen yon kontra ak plan sante ou la pou bay sèvis yo. Founisè ki andeyò rezo a ka gendwa voye fakti ba ou pou diferans ki genyen ant sa plan ou nan peye ak montan total yo faktire ou pou yon sèvis. Yo rele sa "fakti balans." Montan sa a gen anpil chans pou l plis pase depans ki t ap fèt nan yon etablisman ki nan rezo a pou menm sèvis la epi yo pa ka konte l nan kalkil franchiz ou a oswa nan limit anyèl anrapò ak depans ki fèt nan plan ou nan.

"Fakti sipriz" se yon fakti balans sanzatann. Sa ka rive lè ou pa kapab kontwòle ki moun ki te patisipe nan sèvis swen ou yo—tankou lè ou gen yon ijans oswa lè ou pwograme yon vizit nan yon etablisman ki nan rezo a men yon founisè ki pa nan rezo a te trete ou san ou pa t prevwa sa. Fakti medikal sipriz yo ta ka koute plizyè milye dola, sa depan sou pwosedi a oswa sèvis la.

## Ou pwoteje kont fakti balans pou:

**SÈVIS IJANS** Si w gen yon pwoblèm medikal ijans epi ou resevwa sèvis ijans nan men yon founisè oswa yon etablisman ki pa nan rezo a, plis lajan yo ka faktire ou se kantite frè patisipasyon pou depans nan rezo plan ou nan (tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz).

Ou pa ka faktire balans pou sèvis ijans sa yo. Sa gen ladann sèvis ou ka jwenn apre ou fin nan yon kondisyon ki estab, sof si ou bay konsantman alekri epi ou abandone pwoteksyon ou yo pou yo pa voye fakti balans ki rete pou sèvis sa yo ou resevwa apre retablisman ou nan.

Dapre lalwa sou sèvis andeyò rezo Gouvènè Phil Murphy te siyen an 2018, ((Pami sèvis ki andeyò rezo yo gen Pwoteksyon konsomatè yo, transparans, Lwa sou Metrizè depans yo ak Responsablite yo, P.L. 2018) yo bay tout pasyan yo pwoteksyon konsènan faktirasyon sipriz lopital nan eta New Jersey yo bay. Cooper University Health Care pa pral faktire pasyan yo yon montan ki plis pase frè patisipasyon pasyan yo nan rezo a pou sèvis ijans/sèvis envolonètè ki andeyò rezo a.

**KÈK SÈVIS NAN YON LOPITAL NAN REZO A OSWA SANT CHIRIJIKAL EKSTÈN** Lè ou jwenn sèvis nan yon lopital oswa yon sant chiriji ekstèn ki nan rezo a, gen kèk founisè ki ka pa nan rezo a. Nan ka sa yo, pi gwo montan founisè sa yo ka faktire ou se frè patisipasyon pou depans nan rezo plan ou an. Sa konsène sèvis medikal ijan yo, anestezi, patoloji, radyoloji, laboratwa, neyonatoloji, asistan chirijyen, sèvis pou ospitalizasyon oswa sèvis entansif. Founisè sa yo pa ka faktire ou pou yon balans epi yo pa ka mande ou pou ou abandone pwoteksyon ou genyen kont faktirasyon pou balans yo.

Si ou jwenn lòt kalite sèvis nan etablisman sa yo ki nan rezo a, founisè ki andeyò rezo a pa kapab faktire ou pou balans ou a, sof si ou bay konsantman ou alekri epi ou abandone pwoteksyon ou yo.

**Ou pa janm oblije abandone pwoteksyon ou yo akòz faktirasyon balans. Mete sou sa, ou pa oblije jwenn swen andeyò rezo a. Ou ka chwazi yon founisè oswa yon etablisman nan rezo plan ou an.**

## Lè yo pa otorize faktirasyon balans, ou gen pwoteksyon sa yo tou:

• Ou sèlman responsab pou ou peye kotizasyon pa ou la nan depans yo (tankou kopeman, ko-asirans, ak franchiz ou ta dwe peye si founisè a oswa etablisman an te nan rezo a). Plan sante ou la ap peye founisè ak etablisman ki pa nan rezo a nenpòt lòt frè anplis dirèkteman.

### An jeneral, plan sante ou la dwe:

- ◆ Kouvri sèvis ijans yo san yo pa mande ou jwenn otorizasyon pou sèvis alavans (yo rele l tou "otorizasyon davans").
- ◆ Kouvri sèvis ijans founisè ki andeyò rezo a bay.
- ◆ Kalkile sa ou dwe founisè a oswa etablisman swen an (frè patisipasyon) sou baz sa li ta dwe peye yon founisè oswa yon etablisman ki kantite lajan an nan eksplikasyon ou ap bay sou avantaj yo.
- ◆ Konte tout montan ou peye pou sèvis ijans oswa sèvis ki andeyò rezo a nan kalkil franchiz ou a ak nan limit depans ou yo.

**Si ou panse yo te mal faktire ou, kontakte Sèvis Sant pou Medicare ak Medicaid yo nan 1.800.985.3059. Vizite [cms.gov/nosurprises/consumers](https://www.cms.gov/nosurprises/consumers) pou plis enfòmasyon sou dwa ou nan kad lwa federal yo. Kontakte 1.800.792.9770 oswa vizite [nj.gov/health/healthfacilities](https://nj.gov/health/healthfacilities) pou plis enfòmasyon sou dwa ou nan kad lwa eta New Jersey yo.**

## Ou gen dwa pou resevwa yon "Estime Bon Konsyans" ki eksplike konbyen swen sante ou ap koute.

Dapre lalwa, founisè swen sante yo dwe bay pasyan ki pa gen asirans oswa ki peye pèsònèlman pou sèvis yo (depans pèsònèl) yon estimasyon sou depans yo fè pou atik ak sèvis swen sante yo anvan yo bay atik sa yo oswa sèvis sa yo.

- Ou gen dwa pou resevwa yon Estimasyon Bon Konsyans pou depans total ki prevwa sou tout atik oswa sèvis swen sante sou demann oswa pandan y ap planifye atik oswa sèvis sa yo. Sa gen ladan depans ki asosye tankou tès medikal, preskripsyon medikaman, materyèl, ak frè lopital.
- Si ou pwograme yon atik oswa sèvis swen sante omwen 3 jou ouvrab alavans, asire ou founisè swen sante ou la oswa etablisman an ba ou yon Estimasyon Bòn Konsyans alekri nan 1 jou ouvrab apre ou fin pran randevou a. Si ou pwograme yon atik oswa sèvis swen sante omwen 10 jou ouvrab alavans, asire ou founisè swen sante ou la oswa etablisman an ba ou yon Estimasyon Bòn Konsyans alekri nan 3 jou ouvrab apre ou fin pran randevou a. Epi, ou kapab mande nenpòt founisè swen sante oswa etablisman yon Estimasyon Bòn Konsyans anvan ou pwograme yon atik oswa yon sèvis. Si ou fè sa, asire ou founisè swen sante a oswa etablisman an ba ou yon Estimasyon Bon Konsyans alekri nan 3 jou ouvrab apre ou fin fè demann nan.
- Si ou resevwa yon fakti ki plis pase omwen \$400 nan men nenpòt founisè oswa etablisman nan Estimasyon Bon Konsyans ou a, ou ka konteste fakti a.

**Pou kesyon oswa plis enfòmasyon sou dwa ou pou yon Estimasyon Bòn Konsyans, vizite [www.cms.gov/nosurprises/consumers](https://www.cms.gov/nosurprises/consumers), voye yon imel nan [FederalPPDRQuestions@cms.hhs.gov](mailto:FederalPPDRQuestions@cms.hhs.gov), oswa rele 1.800.985.3059.**